



Pou Piblikasyon Imedya: 21/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ  
REZISTANS KONT INONDASYON NAN VIL CLAYTON, KONTE JEFFERSON**

***4 Milyon dola pou estabilize litoral otou Rivyè St. Lawrence ak pwoteje enfrastrikti piblik popilè, ankouraje sekirite piblik.***

***Nan Kad Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Eta New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon pwojè rezistans kont inondasyon nan Vil Clayton, Konte Jefferson. Pwojè a te resevwa \$4 milyon dola nan sibvansyon atravè [Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Lake Ontario Eta a epi yon fwa li fini, li pral ede diminye enpak evènman gwo dlo yo alavni ak amelyore rezistans nan rivaj la nan yon zòn touristik popilè.

"Nou pran angajman pou nou investi nan pwojè ki pral ogmante rezistans epi anpeche domaj alavni ki siti nan move tan yo nan kominote bò litoral nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a nan Vil Clayton pral fè reparasyon enpòtan nan enfrastrikti piblik enpòtan epi amelyore rezistans bò litoral la pou ede pwoteje biznis ak rezidan yo epi amelyore sekirite piblik. Amelyorasyon enfrastrikti enpòtan pou amelyore kalite lavi ak sekirite ak avanse efò nou yo pou rebati pi byen ak ranfòse ekonomi an pou lavni."

An 2019, Rivyè St. Lawrence te anrejistre nivo dlo ki te wo anpil ki te lakòz inondasyon devastatè toupatou nan kominote yo ki sou litoral rivyè a. Evènman sa yo te lakòz degradasyon enfrastrikti piblik yo ak restriksyon pou itilizasyon piblik destinasyon touristik popilè yo tankou Riverwalk ak Marina Minisipal Clayton Harbor la, sa ki gen yon enpak negatif sou sekirite piblik ak ekonomi lokal yo.

Vil Clayton Riverwalk ak Marina Minisipal Clayton Harbour la se yon pati enpòtan nan ekonomi litoral Clayton lan epi li genyen apeprè 1,250 pye litoral bò Rivyè St. Lawrence lan. Aksyon van ak vag repete, ansanm ak gwo nivo dlo rejyon an rankontre, te lakòz degradasyon nan kèk seksyon rivaj la. Pèt tè te lakòz anpil gouf sou rivaj la. Enstabilite ak domaj li lakoz yo ap mete an danje enfrastrikti piblik la.

Pou diminye deteryorasyon rivaj la ak pwoblèm sekirite piblik alavni, pwojè a pral repare ak amelyore 480 pye litoral ant Frink Park ak Marina Minisipal Clayton Harbour lan k ap bay pwoteksyon pou Riverwalk ansanm ak Harbour Hotel la. Travay la gen ladan:

- Enstalasyon palplanch pou minimize ewozyon alavni bò litoral la;
- Reparasyon Riverwalk sou seksyon litoral ke yo deziyen an; epi
- Enstalasyon jaden lapli pou amelyore kalite dlo.

Komisyon REDI te bay vil la plis pase 4.6 milyon dola pou yon total twa pwojè. Premye pwojè rezistans yo akòde a, amelyorasyon Lansman Bato Upper Landing nan Grindstone Island, te kòmanse konstriksyon an 2022 epi travay la ap pwogrese.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare,** "Pwogram REDI a kontinye amelyore rezistans eta a fas ak inondasyon ekstrèm ak evènman move tan yo. Avèk sipò san fay Gouvènè Kathy Hochul, Eta New York ap pwomouvwa devlopman ekonomik, pwoteje sante piblik, prezève abita, ak pwoteje rivaj yo nan kominote ki gen tandans gen gwo nivo dlo yo otou Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan. Pwojè Marina Minisipal Riverwalk ak Clayton Harbour lan se yon lòt egzanp sou angajman eta a pou asire rejyon an pare pou evènman alavni yo ki lye ak chanjman klimatik yo."

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Pwojè sa a se yon enstriman pou pwoteje Vil Clayton ak rejyon ki antoure a kont evènman inondasyon alavni yo. Nou kontan wè ke apre yon bon planifikasyon, sibvansyon 3 milyon dola sa a pral sipòte yon nouvo pwojè bò litoral ki fleksib pou diminye enpak gwo dlo Rivyè St. Lawrence lan. Aksè piblik kontinyèl ak litoral la pral kenbe aksè piblik la ki enpòtan anpil pou devlope Riverwalk ak Marina Minisipal Clayton Harbour la an destinasyon lwazi popilè. Vil Clayton te yon patnè ideyal ak Depatman Deta a e sa se yon lòt egzanp sou angajman yo genyen pou rezistans alontèm ak devlopman ekonomik litoral dirab."

**Senatè Eta Mark Walczyk, te deklare,** "Clayton te wè siksè ak pwojè REDI ki sot pase yo, ki te amelyore kominote a, epi ki te montre istwa rich li gen pou li ofri. Reparasyon Riverwalk la, fòtifye bò rivaj la ak pran mezi ki nesesè pou anpeche plis domaj se yon viktwa pou Clayton ak Konte Jefferson."

**Manm Asanble Scott Gray te deklare,** "Riverwalk la se yon eleman enpòtan anpil nan atraksyon anba lavil Clayton lan. Li bay yon anviwònman pou yon pwomnad panoramik otou rivy a ansanm ak opòtinite damaraj pou navigatè yo jwi enstalasyon zòn nan. Rezistans Riverwalk la enpòtan anpil pou vitalite touristik Clayton lan."

**Prezidan Konte Jefferson lan, William Johnson, te deklare,** "Reparasyon Riverwalk yo ak estabilizasyon litoral yo se pwojè enpòtan non sèlman pou vil Clayton, men tou pou rejyon Thousand Islands lan. Mèsi Gouvènè Hochul ak Komisyon REDI a pou sipò ak angajman kontinyèl yo pou konstwi rezistans nan Konte Jefferson."

**Sipèvizè Vil Clayton lan, Lance Peterson, te deklare,** "Nou kontan wè reparasyon yo t tann anpil la ak estabilizasyon litoral la bò Riverwalk ak bò otèl la ap kòmanse. Patenarya vil la ak Eta New York ak Komisyon REDI a te gen anpil valè, paske nou tout te travay ansanm nan objektif komen pou rekonstwi vil la avèk rezistans kont move tan ak inondasyon."

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola a, pou benefisye kominote yo ak amelyore rezistans nan rejyon ki gen tandans sibi inondasyon olon Lake Ontario ak St. Lawrence River yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 33 pwojè nan faz konsepsyon, 46 pwojè nan faz konstriksyon ak 55 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)